# Даге

**Ойланца г1елдалар т1едуьйжи хьуна-м, дог,**
**Г1айг1ано хьийзадар т1едуьйжи хьуна, дог.**
**Ирсаца вай доьлуш хир дац-кха хьуна-м, дог.**
**Даима цхьаъ вехаш дуьне дац  хьуна, дог.**

**Ойлано хьо г1елдеш, мел ирча хета , дог.**
**Вай гонна и гича, осала хета, дог.**
**Ше г1айг1а ша 1овшар, стогалла хета, дог.**
**Къурдашца къежвалар, дозалла хета, дог.**

**Ма делха, делало, кийрара дилхи дог.**
**Хьа бала ца лайнарг, хьоьх кхетар вац, сан дог.**
**И харцо, ямартло дуьнена амалш ю,**
**Аьшнаш еш кхайкхочо, ша хьалха лелош ю.**

**Дависа хьан, дела1, х1ай маьлха, хаза дуьне,**
**Хьо диънарг мила ву, бохуриг ва хилла.**
**Да вала хьан, дела1, кийрара дилхи дог,**
**Хьайна там ва хилчи, лом санна ай а лой**
**Йиши бер ва хуьлий, мел коча качло  хьо,**
**Хьайна там ца хилчи, дера ча ва санна,**
**Ма дера дарло хьо, кийрара дилхи дог.**
**Хьайна там ва хилчи, мел коча качло  хьо,**
**Хьайна там ца хилчи, ма дера дарло хьо,**

**Вай делчи,  денлур дац, къанделчи, къонлур дац,**
**Вай динчу наноша вай-м юха дийра дац.**
**Марзонца ца диънарг дуьне вай мерза дац.**
**Ша висча, лахьти чохь и диъна стаг ма вац.**
**Маршонца ца диънарг дуьне вай мерза дац.**
**Ша висча, лахьти чохь и диъна стаг ма вац.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)